

# NOTIS BIYOGRAFIK AKADEMISYEN AK KREYOLIS LYONEL DOMINIQUE DESMARATTES

Lyonel D. Desmarattes se yon reporter ki pase tout vi li ap pratike journalism radio, ni an Ayiti ni nan peyi etranje. Li se yon plimeyank ki ekri sitou an franse ak kreyòl; yon aktè-teyat; yon ekriven teyat (sa lang fanse a rele yon 'dramaturge', yon manm AKA (Akademi Kreyòl Ayisyen an) depi fevriye 2021. Pou rezon sa yo li renmen prezante tèt li epi siyen let li ak imèl li –nap site:

Lyonel Desmarattes

Akademisyen e Kreyolis Angaje.

<< Pandan plis pase 35 lane, li te travay kòm sa yo rele an anglè “an IRB” (an International Radio Broadcaster), 3 gwo mo ki vle di tou senpleman nan lang blan an “journalis radyo entènasyonal” nan Lavwad Lamerik, rayo-televizyon-medya sosyal, high tech Lezetazini pou lemond, kote li te travay kòm editè ak prezantatè nouvèl pou Sèvis Kreyòl la anvan li te pran retrèt li nan dat 4 oktòb

2022. Si nou mete 35 lane nan Lavwadlamerik yo, sou 15 lane li te pase ap travay nan menm domèn radyo a an Ayiti (pami 15 zan sa yo, li te pase preske 10 zan nan 'La Radio Nationale d'Haiti'), nou gen dwa di sa bay 50 lane; sa ki vle di Misye DESMARATTES pase prèske tout vi li ap travay kòm jounalis

Pou n ale rapidman ann di, kòm kreyolis (sa Maurice Sixto rele 'yon plim-e-ank', yon sanba ekriven), li se otè preske 10 tradiksyon/ adaptasyon/entepretasyon an kreyol divès pyès klasik franse, tankou “Le Tartuffe”, “Le Misanthrope”, “Les Femmes Savantes”, “L'Ecole des Femmes” de Molière; “Athalie” de Jean Racine, epi “Horace” de Pierre Corneille. Li reyalize epi bibliye tradiksyon kreyol 2 lòt gwo liv ki antre nan domèn kilti ak literati mondyal la: se “Woben Lakwa”, swa yon tradiksyon “Robinson Crusöé”, yon chedèw womansye britanik Allen Defoe te ekri depi nan mitan 18èm syèk la (vè lane 1745 konsa), epi “Chevalye d'Artagnan”, swa yon tradiksyon pasyèl woman-referans, liv-fetich youn nan pi gwo womansye franse yo, Alexandre Dumas Père, yon ekriven jenyal ki okipe yon gwo plas nan littérature francaise la epi ki gen rapò avèk Ayiti kanmèm,

paske papa li, le général Alexandre Dumas, te pran nesans nan vil Jérémie, nan pati sid-wès peyi nou an, nan Depatman Grand'Anse la.

Sa pa gen lontan, Clotaire Pierre-Louis, yon zanmi danfans ak jenès Lyonel, pa t montre okenn timidite ditou, menm jan misye pa t manifeste pyès ezitasyon, pandan li t ap di kijan li apresye travay Demarattes reyalize nan/pou/avèk lang kreyòl la- Li declare –n ap site:

<<Daprè mwen menm, pèsònèlman, Lyonel Dominique Desmarattes se pi bon bagay ki te ka rive lang kreyòl la depi plizyè dizèn dane –an tou ka depi tonton li, Feliks Moriso-Lewa, te bibliye chedèw ki sèvi pou idanifye li pi byen kòm ekriven e sitou kòm yon pyonye mouvman kreyolis la, n ap pale de “Koleksyon Dyakout” li a, ke Mèt Moriso-Lewa te bibliye nan ane 1940-1950 yo. >> fen sitasyon.

Nan sezon prentan ane 2020 an, Lyonel te bibliye an anglè: <<Discovering the Americas>>, yon liv jewografi pou timoun ki te parèt nan mezon dedisyon “The Christianfaith Publishing Company” ki baze nan vil Meadville, nan Eta Pennilvani.